



## KILTI POLITIK POU DEMOKRASI: AYITI, 2008

© Vanderbilt University 2006. Derechos reservados. All rights reserved. Dwa resève.

<b>Peyi:</b> 1. Meksik 2. Gwatemala 3. Salvadò 4. Ondiras 5. Nikaragwa 6. Kosta Rika 7. Panama 8. Kolonbi 9. Ekwatè 10. Bolivi 11. Pewou 12. Paragwey 13. Chili 14. Irigwey 15. Brezil. 16. venezyela 17. Ajantin 21. Dominikani <b>22. Ayiti</b> 23. Jamayik 24. Giyann 25. Trinidad 40. Letazini 41. Kanada	<b>PAIS</b>	<b>22</b>
<b>IDNUM.</b> Nimewo keksyonè a [ <b>Pou ekri nan biwo a</b> ] _____	<b>IDNUM</b>	
<b>ESTRATOPRI:</b> (2201) Zòn metwopolitèn (2202) Rejyon 1 (Nò-Nòdwès-Nòdès) (2003) Rejyon 2 (Sant-Latibonit) (2204) Rejyon 3 (Lwès) (2205) Rejyon 4 (Sid-Sidès-Grandans/Nip)	<b>ESTRATOPRI</b>	<b>22</b> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
<b>UPM.</b> _____	<b>UPM</b>	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
<b>DEPATMAN:</b> _____	<b>PROV</b>	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
<b>KOMIN:</b> _____	<b>MUNICIPIO</b>	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
<b>SEKSYON:</b> _____	<b>SECTOR</b>	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
<b>SEGMAN</b>	<b>HAISEGMENTO</b>	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
<b>Zòn</b> _____	<b>HAISEC</b>	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
<b>Lokasyon</b>	<b>HAILOCATION</b>	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
<b>CLUSTER.</b> (Pwen echantyon an) [Pa plis ke 8 ankèt lavil, 12 nan seksyon kominal yo]	<b>CLUSTER</b>	
<b>UR</b> (1) Lavil (2) Seksyon kominal	<b>UR</b>	
<b>Gwosè zòn nan:</b> (1) Kapital Nasyonal (metwopolitèn) (2) Gwo vil (3) Vil mwayèn (4) Ti vil (5) Seksyon kominal	<b>TAMANO</b>	
<b>Lang ankèt la:</b> (1) Kreyòl	<b>IDIOMAQ</b>	
<b>Lè ak minit ankèt la kòmanse:</b> _____:_____ [ <b>Pa antre yo</b> ]		-----
<b>Dat ankèt la Jou:</b> _____ mwa: _____ lane: 2008	<b>FECHA</b>	<input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/> <input type="checkbox"/>
<b>REMAK: Li ENPOTAN POU LI LÈT KONSANTMAN ANVAN OU KOMANSE ANKÈT LA</b>		

**Q1. Seks (Ekri, pa mande keksyon an): (1) Gason (2) Fanm** **Q1**

**A4 [COA4].** Pou komanse, dapre ou menm, ki sa ou panse ki pi **gwo pwoblem** peyi a genyen? **[Pa li lis la, ekri yon sèl repons]** **A4**

Pa genyen dlo	19	Lavi chè, enflasyon	02
Move wout	18	Politisyen yo	59
Lagè	30	Move gouvènman, absans leta	15
Koripsyon	13	Debwasman/Pwoblèm sou keksyon anvironman	10
Pa gen kredi	09	Migrasyon	16
Krim, ensekirite, vyolans	05	Trafik dwòg	12
Vyolasyon dwa moun	56	Gang, chimè	14
Chomaj/Pa gen travay	03	Povrete/lamizè	04
linegalite sosyal	58	Pwotestasyon popilè (manifestasyon, grèv, e latriye.)	06
Malnitrisyon	23	Manke sèvis lasante	22
Deplasman pa lafòs	32	Anlèvman, kidnapin	31
Dèt ak lòt peyi	26	Pa gen sekirite	27
Diskriminasyon	25	Zak teroris	33
dwòg	11	Pa gen tè pou plante	07
Pwoblèm ekonomik, kriz ekonomik	01	Pwoblèm transpò	60
Pa gen ledikasyon, move kalite ledikasyon	21	Vyolans	57
Pa gen elektrisite (Kouran EDH)	24	Pa gen kay	55
Ogmantasyon popilasyon an	20	Lòt bagay	70
Lagè kont teroris	17	PK/PR	88

Kounye a, an nou pale de lòt bagay..... **[Aprè chak keksyon, repete “chak jou”, “Yon ou byen de fwa pa semèn”, “On lè konsa” epi “Pa Janm fè sa” pou ou kapab ede moun nan reponn keksyon yo]**

	<b>Chak jou [Asepte tou preske chak jou]</b>	<b>Yon ou byen de fwa pa semèn</b>	<b>Yon lè konsa</b>	<b>Pa janm fè sa</b>	<b>PK/PR</b>	
<b>A1.</b> Eske w tande nouvèl nan radyo	<b>1</b>	<b>2</b>	<b>3</b>	<b>4</b>	<b>8</b>	<b>A1</b>
<b>A2.</b> Eske w gade nouvèl nan televizyon	<b>1</b>	<b>2</b>	<b>3</b>	<b>4</b>	<b>8</b>	<b>A2</b>
<b>A3.</b> Eske w li nouvèl nan jounal	<b>1</b>	<b>2</b>	<b>3</b>	<b>4</b>	<b>8</b>	<b>A3</b>
<b>A4i.</b> Eske w li nouvèl sou entènèt	<b>1</b>	<b>2</b>	<b>3</b>	<b>4</b>	<b>8</b>	<b>A4I</b>

**SOCT1.** Kounye a, ann pale de koze ekonomik.... Kijan ou ta di ke sityasyon ekonomik **peyi a ye?** Ou ta di **SOCT1**  
li pi bon, li bon, li pa pi mal, li mal osinon li pi mal?  
(1) Li pi bon (2) Li bon (3) Li pa pi mal (4) Li mal (5) Li pi mal (8) PK/PR

<b>SOCT2.</b> Eske w konsidere ke sitiyaşyon ekonomik <b>peyi a</b> kounye an pi bon, menm jan oswa pi mal ke nan 12 mwa ki fèk sot pase yo? (1) Pi bon (2) Menn jan (3) Pi mal (8) PK/PR	<b>SOCT2</b>	
<b>SOCT3.</b> Eske w kwè ke nan 12 mwa k-ap vini yo sitiyaşyon ekonomik <b>peyi a</b> pral pi bon, menm jan oswa pi mal? (1) Pi bon (2) Menn jan (3) Pi mal (8) PK/PR	<b>SOCT3</b>	

<b>IDIO1.</b> Kijan w ta di ke sitiyaşyon ekonomik <b>pa w</b> ye? Ou ta di li pi bon, li bon, li pa pi mal, li mal osinon li pi mal? (1) Li pi bon (2) Li bon (3) Li pa pi mal (4) Li mal (5) Li pi mal (8) PK/PR	<b>IDIO1</b>	
<b>IDIO2.</b> Eske w konsidere ke sitiyaşyon ekonomik <b>pa w</b> kounye a pi bon, menm jan oswa pi mal ke nan 12 mwa ki fèk sot pase yo ? (1) Pi bon (2) Menn jan (3) Pi mal (8) PK/PR	<b>IDIO2</b>	

Kounye a, ann pale de lòt bagay....Pafwa, moun yo ak kominote yo genyen pwoblèm ke yo pa kapab rezoud pou kont yo. Konsa, yo ale mande èd oswa koperasyon nan yon biwo leta osinon nan men yon fonksyonè leta.

¿Pou rezoud pwoblèm ou yo, eske w te ale mande èd osinon koperasyon nan men ... ?	Wi	Non	PK/PR	
<b>CP2.</b> Yon depite oswa yon senatè	1	2	8	<b>CP2</b>
<b>CP4A.</b> Yon majistra, kazèk oswa delege	1	2	8	<b>CP4A</b>
<b>CP4.</b> Yon minis, enstitiyon leta oswa biwo leta	1	2	8	<b>CP4</b>

An nou pale de lakomin...				
<b>NP1.</b> Eske w te patisipe nan yon asanble kominal oswa yon reyinyon ke majistra yo te fè nan 12 mwa ki fèk sot pase yo? (1) Wi (2) Non (8) PK/PR	<b>NP1</b>			
<b>NP2 .</b> Eske w te mande èd oswa ou te prezante yon petisyon nan yon biwo oswa majistra oswa fonksyonè lakomin lan nan 12 mwa ki fèk sot pase yo? (1)Wi (2) Non (8) PK/PR	<b>NP2</b>			
<b>SGL1.</b> Eske w ta di ke sèvis lakomin ap bay moun yo...? <b>[Li repons yo]</b> (1) Yo pi bon (2) Yo bon (3) Yo pa pi mal (4) Yo Mal (5) Yo pi mal (8) PK/PR	<b>SGL1</b>			
<b>LGL2A.</b> Lè ou konsidere sèvis piblik peyi a, ki enstitiyon yo ta dwe bay plis responsablite? <b>[Li repons yo]</b> (1) Pi plis pou gouvènman nasyonal la (2) On ti jan pi plis pou gouvènman nasyonal la (3) Menm kantite pou gouvènman nasyonal la ak lakomin (4) Pi plis pou lakomin (5) On ti jan pi plis pou lakomin (8) PK/PR	<b>LGL2A</b>			
<b>LGL2B.</b> Lè ou konsidere mwayen peyi a genyen, ki enstitiyon ki ta dwe jere plis lajan? <b>[Li repons yo]</b> (1) Pi plis gouvènman nasyonal la (2) On ti jan pi plis gouvènman nasyonal la (3) Menm kantite gouvènman nasyonal la ak lakomin (4) Pi plis lakomin (5) On ti jan pi plis lakomin (8) PK/PR	<b>LGL2B</b>			

	Yon fwa pa semèn	Yon oswa de fwa pa mwa	Yon oswa de fwa pa lane	Pa janm fè sa	PK/PR		
--	------------------	------------------------	-------------------------	---------------	-------	--	--

<b>CP5.</b> kounye a, ann pale de lòt bagay, nan 12 mwa ki fèk sot pase yo, eske w te ede pou rezoud kèk pwoblèm nan kominite/zòn pa w la oswa yon pwoblèm vwazen nan katye a? Tranpri, eske w kapab di mwen si w te fè sa yon fwa pa semèn, yon oswa de fwa pa mwa, yon oswa de fwa pa lane oswa ou pa janm fè sa	1	2	3	4	8	<b>CP6</b>
--	---	---	---	---	---	------------

Kounye a, mwen pral bay yon lis gwoup ak òganizasyon. Tranpri, eske w kapab di mwen chak ki lè ou te asiste nan reyinyon òganizasyon sa yo : yon fwa pa semèn, yon oswa de fwa pa mwa, yon oswa de fwa pa lane ou byen ou pa janm fè sa.

**[Repete “yon fwa pa semèn”, “Yon oswa de fwa pa mwa”, “ yon oswa de fwa pa lane”, o “pa janm fè sa” pou ede moun nan reponn keksyon yo]**

	Yon fwa pa semèn	Yon oswa de fwa pa mwa	Yon oswa de fwa pa lane	Pa janm fè sa	PK/PR	
<b>CP6.</b> Reyinyon gwoup legliz ou byen òganizasyon relijye? Eske w te asiste...	1	2	3	4	8	<b>CP6</b>
<b>CP7.</b> Reyinyon asosyasyon paran nan lekòl ou byen kolèj? Eske w te asiste...	1	2	3	4	8	<b>CP7</b>
<b>CP8.</b> Reyinyon komite amelyorasyon pou kominote a ( Komite Katye oswa asosyasyon Kominotè)? Eske w te asiste...	1	2	3	4	8	<b>CP8</b>
<b>CP9.</b> Reyinyon asosyasyon pwofesyonèl, komèsan, pwodiktè e/ou peyizan? Eske w te asiste...	1	2	3	4	8	<b>CP9</b>
<b>CP10.</b> Reyinyon sendika? Eske w te asiste...	1	2	3	4	8	<b>CP10</b>
<b>CP13.</b> Reyinyon pati politik ou byen mouvman politik? Eske w te asiste...	1	2	3	4	8	<b>CP13</b>
<b>CP20. [Sèlman pou fanm]</b> Reyinyon gwoup oswa òganizasyon fanm oswa fanm lakay? Eske w te asiste...	1	2	3	4	8	9 (Gason) <b>CP20</b>

**LS3.** Ann pale de lòt koze. Jeneralman, eske w satisfè ak lavi w? Eske w ta di ke ou... **[Li repons yo]**

(1) trè satisfè (2) on ti jan satisfè (3) on ti jan pa satisfè (4) pa satisfè di tou (8) PK/PR

**LS3**

**IT1.** kounye a, ann pale de moun isit yo, Eske w ka di mwen ki valè konfyans ou genyen nan moun nan kominote a/zòn nan...? **[Li repons yo]**

(1) Anpil konfyans (2) konfyans (3) Pa anpil konfyans (4) Ankenn konfyans (8) PK/PR

**IT1**

**IT1A.** Ki valè konfyans ou genyen nan moun ou rankontre pou premye fwa? Eske ou ta di ke : **[Li repons yo]**

(1) Ou fè yo anpil konfyans (2) Ou fè yo konfyans (3) Ou pa fè yo anpil konfyans

(4) Ou pa fè yo konfyans di tou (8) PK/PR

**IT1A**

**IT1B.** Jeneralman, eske w ta di ke ou ka fè preske tout moun konfyans oswa fòk ou veye zo-w lè wap fè zafè ak lot moun?

(1) Ou ka fè tout moun konfyans

(2) Fòk ou veye zo-w lè wap fè zafè ak lot moun

(8) PK/PR

**IT1B**

**Bay li Kat # 1**

**L1.** (nechèl lagòch- ladwat) Ann pale de lòt koze.... Nan paj sa genyen yon nechèl 1-10 ki soti lagòch pou ale ladwat kote 1 vle di "lagòch" rive 7 vle di "dwat". Nan jou sa yo, lè moun yo pale de tandans politik, yo pale de moun ki gen plis panchan pou lagòch ak moun ki gen plis panchan pou ladwat. Daprè kisa mo lagòch ak ladwat vle di pou ou lè w panse ak tandans politik pa ou, ki bò ou tap mete tèt ou sou nechèl la? Montre nimewo ki pi prè posisyon w lan.

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10												
<b>Lagòch</b>										<b>Ladwat</b>											<b>L1</b>
																				(PK/PR=88)	

**Pran kat # 1**

<b>PROT2.</b> Nan lane ki fèk sot pase a, eske w te patisipe nan yon manifestasyon oswa pwotestasyon piblik? Ou te patisipe pafwa, yon lè konsa ou byen pa janm fè sa?	(1) Pafwa	(2) Yon lè konsa	(3) Pa janm fè sa	(8) PK/PR	<b>PROT2</b>
--	--------------	---------------------	----------------------	--------------	--------------

<b>JC15.</b> Eske w kwè ke pafwa kapab genyen rezon sifizan pou Prezidan an fèmen Lachanm ak Sena a oswa ou kwè pa kapab genyen rezon sifizan pou sa?	(1) Wi, kapab genyen rezon	(2) Non, pa kapab genyen rezon	(8) PK/PR	<b>JC15</b>
<b>JC16.</b> Eske w kwè ke pafwa kapab genyen rezon sifizan pou Prezidan fèmen kou siprèm oswa kou kasasyon (gwo tribinal) oswa pa kapab genyen rezon sifizan pou sa?	(1) Wi, kapab genyen rezon	(2) Non, pa kapab genyen rezon	(8) PK/PR	<b>JC16</b>

<b>VIC1.</b> Eske w te viktim kèk zak kriminel nan 12 mwa ki fèk sot pase yo? (1) Wi [ <b>Kontinye</b> ] (2) Non [ <b>Ale nan VIC20</b> ] (8) PK [ <b>Ale nan VIC20</b> ]		<b>VIC1</b>
<b>AOJ1.</b> Eske w te denonse zak sa nan kèk enstitisyon? (1) Wi [ <b>Kontinye</b> ] (2) Non, li pa denonse li [ <b>Ale nan AOJ1B</b> ] (8) PK/PR [ <b>Ale nan VIC20</b> ] (9) INAP		<b>AOJ1</b>
<b>HAI AOJ1A.</b> Nan ki enstitisyon ou te denonse zak la? (1) Lapolis (2) Asèk/Kasèk (3) Lajistis (4) Laprès (5) Òganizasyon dwa moun (8) PK (9) INAP		<b>HAI AOJ1A</b>
<b>AOJ1B.</b> Pou ki sa ou pat denonse zak la? [ <b>Pa li repons yo</b> ] (1) Li pa tap sèvi anyen (2) Gen danje epi yo kapab fè reprizay kont li (3) Li pa genyen pwèw (4) Li pa grav (5) li pat konnen ki bò pou li te denonse li (6) Lòt rezon (8) PK (9) INAP		<b>AOJ1B</b>

<b>[MANDE TOUT MOUN]:</b> Kounye a, an nou pale sou bagay ki te pase nan 12 mwa ki fèk sot pase yo [si li di “Wi”, mande li “Konbyen fwa?” epi ekri konbyen fwa. Si si li di “Non”, ekri “0” zero]	<b>Konbyen fwa?</b> <b>NON = 0,</b> <b>PK/PR=88</b>	
<b>VIC20.</b> Volè machin pa ladann, eske yo te rale zàm sou ou pou yo vole zafè w pandan 12 mwa ki fèk sot pase yo? Konbyen fwa?		<b>VIC20</b>
<b>VIC21.</b> Eske vòlè te pase lakay ou, epi pote zafè w ale nan 12 mwa ki fèk sot pase yo? Konbyen fwa?		<b>VIC21</b>
<b>VIC27.</b> Nan dènye 12 mwa ki fèk sot pase yo, eske lapolis te maspinen-w oswa maltrete-w oswa joure-w? Konbyen fwa?		<b>VIC27</b>

<b>AOJ8.</b> Pou yo kapab kenbe bandi yo, eske w kwè ke otorite yo dwe toujou respekte lalwa oswa yo kapab aji andeyò lalwa? (1) Dwe toujou respekte lalwa(2) Pafwa, yo kapab aji andeyò lalwa (8)PK		<b>AOJ8</b>
<b>AOJ11.</b> Ann pale de kote oswa zòn wap viv la. Ann panse ki posibilite pou w ta viktim yon zak kriminel, eske w santi w toujou an sekirite, preske toujou an sekirite, pa toujou an sekirite, osinon pa janm an sekirite? (1) Toujou an sekirite (2) Preske toujou an sekirite (3) Pa toujou an sekirite (4) Pa janm an sekirite (8) PK		<b>AOJ11</b>
<b>AOJ11A.</b> Ann pale de peyi a an jeneral, nan ki nivo ou kwè ke nivo ensekirite nou genyen kounye a reprezante yon menas pou yon demen miyò? <b>[Li repons yo]</b> (1) Anpil (2) On ti jan (3) Pa tèlman (4) Pa di tou (8) PK/PK		<b>AOJ11A</b>
<b>AOJ12.</b> Si ou ta viktim yon agresyon oswa vol, nan ki nivo ou genyen konfyans ke sistèm lajistis la kapab pini koupab la? <b>[Li repons yo]</b> (1) Anpil (2) On ti jan (3) Pa tèlman (4) Pa di tou (8) PK/PK		<b>AOJ12</b>
<b>AOJ18.</b> Genyen moun ki di ke lapolis nan zòn sa pwoteje moun kont kriminel, men gen lòt moun ki di ke lapolis patisipe nan fè krim. Ki sa ou panse? <b>[Li repons yo]</b> (1) Lapolis pwoteje (2) Lapolis patisipe nan krim (3) <b>[Pa li]</b> lapolis pa pwoteje, pa patisipe nan krim oswa pwoteje epi patisipe nan krim (8) PK		<b>AOJ18</b>

**[Bay li kat "A"]**

Kounye a, nou pral itilize kat A... Kat sa genyen yon nechèl 7 pwen depi 1 ki vle di “PA DI TOU” rive 7 ki vle di “ANPIL”. Tankou, si mwen mande w nan ki nivo ou renmen gade televizyon, ou kapab chwazi 1 si ou pa renmen gade televizyon di tou osinon ou kapab di 7 si ou renmen gade televizyon anpil. Men si ou panse “on ti jan”oswa “pa tèlman”, ou kapab chwazi yon nimewo ant 1 ak 7. Kounye a, nan ki nivo ou renmen gade televizyon? Li nimewo a. **[Gade si moun nan konprann byen jan pou li reponn].**

1	2	3	4	5	6	7	8
<b>Pa di tou</b>						<b>Anpil</b>	<b>PK/PR</b>

Kounye, ann itilize kat “A”, tanpri souple reponn keksyon yo

	<b>Ekri yon nimewo 1-7, e 8 si li pa konnen</b>	
<b>B1.</b> Nan ki nivo ou kwè tribinal jistis an Ayiti bay yon bon jijman? ( <b>Teste:</b> Si ou kwè ke tribinal yo pa bay bon jijman di tou, chwazi nimewo 1; si ou kwè ke yo bay anpil bon jijman, chwazi nimewo 7 oswa yon nimewo ant 1 ak 7. )		<b>B1</b>
<b>B2.</b> Nan ki nivo ou genyen respè pou enstisyon politik peyi d Ayiti?		<b>B2</b>
<b>B3.</b> Nan ki nivo ou kwè dwa fondamantal sitwayen yo byen pwoteje nan sistèm politik peyi d Ayiti?		<b>B3</b>
<b>B4.</b> Nan ki nivo ou fyè pou viv anba sistèm politik gouvèman peyi d Ayiti?		<b>B4</b>
<b>B6.</b> Nan ki nivo ou panse ke moun dwe sipòte sistèm politik gouvèman peyi d Ayiti?		<b>B6</b>

**Ekri yon nimewo 1-7, e 8 si li pa konnen**

<b>B10A.</b> Nan ki nivo ou genyen konfyans nan sistèm lajistis la?	<b>B10A</b>
<b>B11.</b> Nan ki nivo ou genyen konfyans nan Konsèy Elektoral Pwovizwa a (KEP)?	<b>B11</b>
<b>B13.</b> Nan ki nivo ou genyen konfyans nan Palman an?	<b>B13</b>
<b>B14.</b> Nan ki nivo ou genyen konfyans nan Gouvènman Nasyonal la?	<b>B14</b>
<b>B15.</b> Nan ki nivo ou genyen konfyans nan Biwo Pwoteksyon Sitwayen an (OPC)?	<b>B15</b>
<b>B18.</b> Nan ki nivo ou genyen konfyans nan Polis Nasyonal Ayisyen (PNH) an?	<b>B18</b>
<b>B20.</b> Nan ki nivo ou genyen konfyans nan Legliz Katolik?	<b>B20</b>
<b>B21.</b> Nan ki nivo ou genyen konfyans nan Pati Politik yo?	<b>B21</b>
<b>B21A.</b> Nan ki nivo ou genyen konfyans nan Prezidan an?	<b>B21A</b>
<b>B31.</b> Nan ki nivo ou genyen konfyans nan Kou Kasasyon/kou siprèm (gwo tribinal) nan?	<b>B31</b>
<b>B32.</b> Nan ki nivo ou genyen konfyans nan konsèy minisipal yo (majistra yo)?	<b>B32</b>
<b>HAIB32A.</b> Nan ki nivo ou genyen konfyans nan kazèk yo?	<b>HAIB32A</b>
<b>B43.</b> Nan ki nivo ou santi ou fyè dèske ou se Ayisyen?	<b>B43</b>
<b>B37.</b> Nan ki nivo ou genyen konfyans nan laprès?	<b>B37</b>
<b>B47.</b> Nan ki nivo ou genyen konfyans nan Eleksyon?	<b>B47</b>

Kounye a, nan menm nechèl la	Ekri 1-7, 8 = PK/PR
<b>N1.</b> Nan ki nivo ou ta di ke gouvènman aktyèl la konbat povrete?	<b>N1</b>
<b>N3.</b> Nan ki nivo ou ta di ke gouvènman aktyèl la ankouraje ak pwoteje prensip demokratik?	<b>N3</b>
<b>N9.</b> Nan ki nivo ou ta di ke gouvènman aktyèl la konbat koripsyon nan gouvènman an?	<b>N9</b>
<b>N10.</b> Nan ki nivo ou ta di ke gouvènman aktyèl la pwoteje dwa moun yo?	<b>N10</b>
<b>N11.</b> Nan ki nivo ou ta di ke gouvènman aktyèl la travay pou sekirite kapab miyò?	<b>N11</b>
<b>N12.</b> Nan ki nivo ou ta di ke gouvènman aktyèl la konbat chomaj ?	<b>N12</b>
<b>HAIN13.</b> Nan ki nivo ou ta di ke gouvènman aktyèl la amelyore enfrastrikti (wout, mache, lekòl epi bagay konsa)?	<b>HAIN13</b>

Kounye a, mwen pral li kèk pawòl sou pati politik peyi D Ayiti yo epi mwen pral mande ki sa ou panse. Ann itilize menm nèchel 1-7 pwen an depi 1 ki vle di "PA DI TOU" rive 7 ki vle di "ANPIL".

	Ekri 1-7, 8 = PK/PR
<b>EPP1.</b> Ann nou konsidere pati politik yo an jeneral, nan ki nivo pati politik ayisyen yo reprezante byen moun ki te vote-l yo?	<b>EPP1</b>
<b>EPP2.</b> Nan ki nivo genyen koripsyon nan pati politik ayisyen yo?	<b>EPP2</b>
<b>EPP3.</b> Nan ki nivo pati politik yo tandè moun tankou ou menm?	<b>EPP3</b>
<b>EC1.</b> Kounye a, an nou panse nan Palman an. Nan ki nivo Palman an anpeche travay presidan an?	<b>EC1</b>
<b>EC2.</b> Epi, ki valè tan depite yo ak senatè yo nan Palman an pèdi nan fè diskisyon ak fè deba?	<b>EC2</b>
<b>EC3.</b> Ki valè enpòtans lwa Palman an vote genyen pou peyi a?	<b>EC3</b>
<b>EC4.</b> Nan ki nivo Palman an fè sa ou tap tann pou li fè a?	<b>EC4</b>

**[Pran kat "A"]**

<b>M1.</b> Ann pale de gouvènman ki sou pouvwa a, eske w ta di ke travay Prezidan Rene Preval ap fè la: <b>[Li repons yo]</b> (1) Li bon anpil (2) Li bon (3) Li pa pi mal (4) Li mal (5) Li pi mal (8) PK/PR	<b>M1</b>
--	-----------

<b>M2.</b> Ann pale de Palman an epi ann panse ak tout depite yo ak senatè yo san nou pa konsidere nan ki pati politik yo ye, eske w ta di ke depite yo ak senatè yo ap fè travay yo trè byen, byen, pa pi mal, mal oswa pi mal?	<b>M2</b>
(1) Trè byen    (2) Byen    (3) Pa pi mal    (4) Mal    (5) Pi mal    (6) PK/PR	
<b>HAIM3.</b> Ann pale de lapolis an jeneral, eske w ta di ke lapolis ap fè travay yo trè byen, byen, pa pi mal, mal oswa pi mal?	<b>HAIM3</b>
(1) Trè byen    (2) Byen    (3) Pa pi mal    (4) Mal    (5) Pi mal    (6) PK/PR	
<b>HAIM4.</b> Ann pale de Ministah, eske w ta di ke Ministah ap fè travay yo trè byen, byen, pa pi mal, mal oswa pi mal?	<b>HAIM4</b>
(1) Trè byen    (2) Byen    (3) Pa pi mal    (4) Mal    (5) Pi mal    (6) PK/PR	

**[Bay kat B ]:**

Kounye a, ann itilize yon kat ki sanble ak lòt la, men nimewo 1 vle di “Pa dakò di tou” epi nimewo 7 vle di ou “ Dakò nè”. Yon nimewo ki ant 1 ak 7 vle di ke w yon ti jan pa dakò oswa w pa tèlman dakò. Mwen pral li kèk pawòl, mwen ta renmen ke ou di mwen nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò avèk pawòl sa yo.

1	2	3	4	5	6	7	8	
Pa dakò di tou						Dakò nè		PK/PR

Lè ou konsidere sitiyasyon nap viv nan peyi a, mwen ta renmen pou w di mwen nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò avèk pawòl sa yo? Ann itilize nèchel la.	
<b>POP101.</b> Pou peyi a vanse, li nesèsè pou prezidan nou yo limite vwa ak vòt pati opozisyon yo. Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò? (8) PK/PR	<b>POP101</b>
<b>POP102.</b> Lè Palman an (Lachanm depite ak senatè) anpeche anpil travay gouvènman an, prezidan nou yo dwe gouvène san Palman an. Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò? (8) PK/PR	<b>POP102</b>
<b>POP103.</b> Lè Kou Kasasyon/Kou Siprèm anpeche anpil travay gouvènman an, prezidan nou yo pa dwe okipe yo. Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò? (8) PK/PR	<b>POP103</b>
<b>POP106.</b> Prezidan nou yo dwe fè volonte pèp la, paske sa pèp la vle se sa ki korèk. Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò? (8) PK/PR	<b>POP106</b>
<b>POP107.</b> Se pa moun ki eli nan eleksyon ki dwe gouvène, men se pèp la ki dwe gouvène direktman. Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò? (8) PK/PR	<b>POP107</b>
<b>POP109.</b> Nan mond jodia, genyen yon batay ant byen ak mal, epi moun genyen pou chwazi yonn nan kan yo. Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò batay sa ant byen ak mal egziste tout bon? (8) PK/PR	<b>POP109</b>
<b>POP110.</b> Yon fwa ke pèp la deside sa ki korèk, fòk nou anpeche ke yon ti gwoup vinn opoze-l. Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò? (8) PK/PR	<b>POP110</b>
<b>POP112.</b> Ki gwo obstak pou pwogrè peyi nou a, se klas dominan oswa boujwazi tradisyonèl la kap pwofite de pèp la. Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò? (8) PK/PR	<b>POP112</b>
<b>POP113.</b> Moun ki pa dakò ak majorite a reprezante yon menas pou peyi a. Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò? (8) PK/PR	<b>POP113</b>



<b>EFF1.</b> Moun kap gouvène peyi a enterese ak sa ou menm ou panse. Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò?		<b>EFF1</b>
<b>EFF2.</b> Daprè ou menm, ou santi ke w konprann byen koze politik ki pi enpòtan pou peyi a. Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò?		<b>EFF2</b>

<b>Ekri nimewo 1-7, e 8 si li pa konnen</b>		
<b>ING4.</b> Demokrasi kapab genyen pwoblèm men li pi bon pase nenpòt kèk lòt fòm gouvènman. Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò ak pawòl sa yo?		<b>ING4</b>
<b>PN2.</b> Menm si nou gen diferans yon ak lòt, nou menm ayisyen nou genyen anpil bagay ak valè ki ini nou tankou yon peyi. Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò ak pawòl sa yo?		<b>PN2</b>
<b>DEM23.</b> Pa kapab genyen demokrasi san pati politik. Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò ak pawòl sa yo?		<b>DEM23</b>

Kounye a, mwen pral li kèk pawòl sou wòl leta. Tanpri souple di mwen si ou dakò osinon ou pa dakò ak pawòl sa yo. Ann itilize nèchel 7 pwen an

**PK/PR = 8**

<b>ROS1.</b> Se pa sektè prive a, se leta peyi D Ayiti ki ta dwe mèt tout antrepriz pi ki enpòtan nan peyi a. Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò ak pawòl sa yo?		<b>ROS1</b>
<b>ROS2.</b> Se pa sitwayen yo, se leta peyi D Ayiti ki ta dwe pi responsab pou garanti byennèt tout moun. Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò ak pawòl sa yo?		<b>ROS2</b>
<b>ROS3.</b> Se pa antrepriz prive yo, se leta peyi D Ayiti ki ta dwe pi responsab pou kreye travay. Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò ak pawòl sa yo?		<b>ROS3</b>
<b>ROS4.</b> Leta peyi D Ayiti dwe menmenn politik ki pou diminye inegalite ant moun rich ak moun pòv yo. Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò ak pawòl sa yo?		<b>ROS4</b>

### Pran kat B

<b>PN4.</b> Jeneralman, eske w ta di ke ou trè satisfè, on ti jan satisfè, on ti jan pa satisfè, pa satisfè di tou ak jan demokrasi ap fonksyone an Ayiti? (1) Trè satisfè (2) On ti jan satisfè (3) On ti jan pa satisfè (4) Pa satisfè di tou (8) PK/PR	<b>PN4</b>
<b>PN5.</b> Dapre ou menm, Ayiti se yon peyi ki trè demokratik, on ti jan demokratik, on ti jan pa demokratik oswa pa demokratik di tou? (1) Trè demokratik (2) On ti jan demokratik (3) On ti jan pa demokratik (4) Pa demokratik di tou (8) PK/PR	<b>PN5</b>

### [Bay li kat "C"]

Kounye a, ann nou chanje Kat la. Kat tou nèf sa a genyen yon nechèl 10 pwen, ki soti nan 1 rive nan 10. Nimewo 1 vle di ke ou pa dakò di tou, epi nimewo 10 ou dakò nèt. Mwen pral site yon lis bagay ak aksyon moun konn fè pou rive nan objektif politik yo. Tanpri souple di mwen si ou dakò osinon ou pa dakò ke moun kapab fè aksyon sa yo.

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	88
<b>Pa dakò di tou</b>					<b>Dakò nèt</b>					<b>Pa konnen</b>

	<b>1-10, 88</b>	
<b>E5.</b> Moun yo patisipe nan manifestasyon ke lalwa pèmèt. Nan ki nivo ou dakò osinon ou pa dakò ?		<b>E5</b>
<b>E8.</b> Moun yo patisipe nan òganizasyon ak gwoup ki vle rezoud pwoblèm kominote/zòn yo. Nan ki nivo ou dakò osinon ou pa dakò?		<b>E8</b>
<b>E11.</b> Moun yo travay nan kanpay elektoral yon pati politik oswa kandida. Nan ki nivo ou dakò osinon ou pa dakò?		<b>E11</b>

<b>E15.</b> Moun yo patisipe nan bloke lari ak wout. Nan ki nivo ou dakò osinon ou pa dakò?	<b>E15</b>
<b>E14.</b> Moun yo anvayi kay oswa tè lòt moun. Nan ki nivo ou dakò osinon ou pa dakò?	<b>E14</b>
<b>E2.</b> Moun yo okipe antrepriz, izin ak biwo. Nan ki nivo ou dakò osinon ou pa dakò?	<b>E2</b>
<b>E3.</b> Moun yo patisipe nan gwoup ki vle dechouke ak vyolans yon gouvènman ki sòti nan eleksyon. Nan ki nivo ou dakò osinon ou pa dakò?	<b>E3</b>
<b>E16.</b> Moun yo fè tèt yo jistis lè leta pa pini kriminèl yo. Nan ki nivo ou dakò osinon ou pa dakò ?	<b>E16</b>

Keksyon sa yo vle wè si ou dakò ak divès kalite lide moun k-ap viv an Ayiti genyen. Itilize toujou nechèl 10 pwen an (Kat C).

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	88
<b>Pa dakò menm</b>									<b>Dakò nèt</b>	<b>PK/PR</b>

	<b>1-10, 88</b>
<b>D1.</b> Genyen moun ki toujou pale mal de fòm gouvènman peyi Ayiti, pa sèlman de gouvènman ki sou pouvwa kounye a, men de fòm gouvènman an. Nan ki nivo ou dakò osinon ou pa dakò ak dwa pou moun sa yo vote? Tanpri souple li nimewo nan nechèl la <b>[Eseye: nan ki nivo?]</b>	<b>D1</b>
<b>D2.</b> Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò pou moun sa yo patisipe nan manifestasyon (san dezòd) pasifik pou yo kapab fè tande sa yo panse? Tanpri souple li nimewo a.	<b>D2</b>
<b>D3.</b> Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò pou moun sa yo vinn kandida yo pou yon pòs piblik?	<b>D3</b>
<b>D4.</b> Nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò pou moun sa yo sòti nan televizyon ap bay yon diskou?	<b>D4</b>
<b>D5.</b> kounye a, ann pale de lòt bagay, ann panse ak homoseksyèl yo (gason ak gason, fi ak fi), nan ki nivo ou dakò osinon pa dakò pou yo vinn kandida yo pou yon pòs piblik?	<b>D5</b>

**[Pa pran kat "C"]**

kounye a, ann pale de lòt bagay...

<b>DEM2.</b> A kiyès nan pawòl sa yo ou pi dakò: (1) Pou moun tankou nou, sa pa di nou anyen yon rejim demokratik ak yon ki pa demokratik. (2) Demokrasi pi preferab ke nenpòt lòt fòm gouvènman. (3) Nan kèk okasyon, yon gouvènman otorite kapab pi preferab ke demokrasi. (8) PK/PR	<b>DEM2</b>
<b>DEM11.</b> Eske w kwè ke peyi nou an bezwen yon gouvènman gwo ponyèt osinon pwoblèm yo kapab rezoud ak patisipasyon tout moun? (1) Gwo ponyèt (2) Patipasyon tout moun (8) PK/PR	<b>DEM11</b>
<b>AUT1.</b> Genyen moun ki di ke nou bezwen yon lidè fò ki pa bezwen sòti nan eleksyon. Gen lòt moun ki di, menm si bagay yo pa fonksyone, demokrasi elektoral, oswa vòt popilè, toujou pi bon. Ki sa w panse? <b>[Li repons yo]</b> (1) Nou bezwen yon lidè fò ki pa bezwen sòti nan eleksyon. (2) Demokrasi elektoral pi bon (8) PK/PR	<b>AUT1</b>
<b>AUT2.</b> A kiyès nan pawòl sa yo ou pi dakò: <b>[Li repons yo]</b> (1) Tankou sitwayen, nou ta dwe pi aktif pou keksyone lidè nou yo ou byen (2) Tankou sitwayen, nou ta dwe montre plis respè pou lorite lidè nou yo (8) PK/PR	<b>AUT2</b>

<b>PP1.</b> Nan peryòd eleksyon yo, genyen moun ki eseye fè lòt moun ale vote pou yon pati politik oswa kandida, konbyen fwa ou te eseye fè lòt moun ale vote pou yon pati politik oswa kandida? <b>[Li repons yo]</b> (1) Trè souvan (2) Souvan (3) Pa souvan (4) Pa di tou (8) PK/PR	<b>PP1</b>
<b>PP2.</b> Genyen moun ki travay pou kèk pati politik oswa kandida pandan kanpay elektoral la, eske w te travay pou yon kandida oswa pati politik pandan dènye eleksyon prezidansyèl 2006? (1) Wi, li te travay (2) Non, li pat travay (8) PK/PR	<b>PP2</b>

Mwen ta renmen pou w di mwen si w ta konsidere zak sa yo 1) Se koripsyon epi fòk yo pini yo; 2) Se koripsyon men gen rezon pou li fè sa nan kondisyon sa yo; 3) Se pa koripsyon.			
<b>DC10.</b> Yon manmam ki genyen plizyè timoun te ale chèche yon ekstrè dachiv. Pou li pa pèdi tan ap rete tann, li peye anplwaye achiv nasyonal la 200 goud. Eske ou kwè zak madanm nan fè la: (1) Se koripsyon epi fòk yo pini li (2) Se koripsyon men gen rezon pou li fè sa nan kondisyon sa yo (3) Se pa koripsyon (8) PK/PR	<b>DC10</b>		
<b>DC13.</b> Yon moun ki nan chomaj epi ki se bòfrè yon politisyen enpòtan, politisyen an itilize kontak li pou li jwenn yon djòb leta pou li. Eske ou kwè ke zak sa politisyen an fè la: (1) Se koripsyon epi fòk yo pini li (2) Se koripsyon men gen rezon pou li fè sa nan kondisyon sa yo (3) Se pa koripsyon (8) PK/PR	<b>DC13</b>		

	<b>Non</b>	<b>Wi</b>	<b>PK</b>	<b>INAP</b>		
Kounye a, an nou pale de eksperyans pa w ak bagay ki konn rive w nan lavi a.						
<b>EXC2.</b> Eske yon polisye te mande w yon woulman nan dènye ane ki sot pase a?	0	1	8		<b>EXC2</b>	
<b>EXC6.</b> Yon anplwaye leta/piblik te mande w yon woulman nan dènye ane ki sot pase a?	0	1	8		<b>EXC6</b>	
<b>EXC11.</b> Eske w te ale fè demach nan lakomin nan dènye ane ki sot pase a? <b>Non → ekri 9</b> <b>Wi →Mande:</b> Pou w fè yon demach nan lakomin nan dènye ane ki sot pase a, eske w te genyen pou ou peye lajan anplis ke sa lalwa mande nan Kontribisyon (DGI, Direksyon Jeneral Impò)?	0	1	8	9	<b>EXC11</b>	
<b>EXC13.</b> Eske w ap travay? <b>Non → ekri 9</b> <b>Wi →Mande:</b> Nan travay ou a, yo te mande w yon woulman nan dènye ane ki sot pase a?	0	1	8	9	<b>EXC13</b>	
<b>EXC14.</b> Nan dènye ane ki sot pase a, eske w te fè yon demach nan tribinal yo? <b>Non → ekri 9</b> <b>Wi →Mande:</b> Eske w te genyen pou fè yon woulman nan tribinal yo nan dènye ane ki sot pase a?	0	1	8	9	<b>EXC14</b>	
<b>EXC15.</b> Eske w te itilize sèvis sante piblik nan dènye ane ki sot pase a ? <b>Non → ekri 9</b> <b>Wi →Mande:</b> Pou yo te pran swen w nan lòpital oswa nan sant sante, nan dènye ane ki sot pase a, eske w te fè yon woulman?	0	1	8	9	<b>EXC15</b>	
<b>EXC16.</b> Eske w te genyen timoun nan lekòl oswa nan kolèj nan dènye ane ki sot pase a? <b>Non → ekri 9</b> <b>Wi →Mande:</b> Nan lekòl oswa nan kolèj, eske ou te genyen pou w bay yon woulman nan dènye ane ki sot pase a?	0	1	8	9	<b>EXC16</b>	

	Non	Wi	PK	INAP	
<b>EXC17</b> Eske ou te genyen yon moun ki te mande w yon woulman pou evite ke yo te koupe kouran (elektrisite) w?	0	1	8		<b>EXC17</b>
<b>EXC18.</b> Eske w kwè, jan bagay yo ye la, gen de lòt gen rezon pou w fè yon woulman?	0	1	8		<b>EXC18</b>

<b>EXC7.</b> Daprè eksperyans pa w oswa sa ou konn tande, eske w ta di ke koripsyon kay fonksyonè leta/piblik yo...? <b>[Li repons yo]</b> (1) Komen anpil (2) komen (3) Pa komen (4) Pa komen di tou					<b>EXC7</b>
--	--	--	--	--	-------------

Kounye a, mwen ta renmen konnen ki valè enfòmasyon sou koze politik ak sou peyi ke yo bay moun					
<b>GI1.</b> Kouman yo rele Prezidan aktyèl peyi letazini? <b>[Pa li: George Bush]</b> (1) Korèk (2) Pa korèk (8) Pa konnen (9) Pa reponn					<b>GI1</b>
<b>GI2</b> Kouman yo rele Prezidan Palman an? <b>[Pa li: Senatè Kelly Bastien, asepte tou Joseph Lambert]</b> (1) Korèk (2) Pa korèk (8) Pa konnen (9) Pa reponn					<b>GI2</b>
<b>GI3.</b> Ki kantite depatman peyi a genyen? <b>[Pa li: 10 depatman]</b> (1) Korèk (2) Pa korèk (8) Pa konnen (9) Pa reponn					<b>GI3</b>
<b>GI4.</b> Ki valè tan yon prezidan dwe rete sou pouvwa? <b>[Pa li: 5 lane]</b> (1) Korèk (2) Pa korèk (8) Pa konnen (9) Pa reponn					<b>GI4</b>
<b>GI5.</b> kouman yo rele Prezidan peyi Brezil la? <b>[Pa li: Luis inácio Lula da Silva, asepte tou "Lula".]</b> (1) Korèk (2) Pa korèk (8) Pa konnen (9) Pa reponn					<b>GI5</b>

<b>VB1.</b> An nou pale de lòt bagay.... Eske w te enskri pou w vote ? (1) Wi (2) Non (8) PK					<b>VB1</b>
<b>VB2.</b> Eske w te vote nan dènye eleksyon prezidansyèl la ? (1) Wi, li te vote <b>[Kontinye]</b> (2) Non, li pat vote <b>[Ale nan VB50]</b> (8) PK <b>[Ale nan VB50]</b>					
<b>HAIVB3</b> Pou ki moun ou te vote pou prezidan nan dènye eleksyon prezidansyèl la? <b>[PA LI LIST LA]</b> (0) Ankenn moun (Vòt blan ou byen li te anile vòt li a) (2201) René Préval (Fwon Lespwa) (2202) Leslie Manigat (RDNP) (2203) Charles Henry Baker (Respè) (2204) Jean Chavannes Jeune (Union Nationale Chrétienne pour la Reconstruction d'Haïti) (2205) Luc Mesadieu - (Mouvement Chrétien pour Batir une Nouvelle Haïti) (2206) Serge Gilles (Fusion des Sociaux-Démocrates Haïtienne) (2207) Paul Denis (Oganizasyon Pèp Kap Litè) (2208). Evans Paul (Alyans/Alliance Démocratique) (2209) Guy Philippe (FRN) (2210) Dany Toussaint (Mouvement Démocratique et Renforcement Haitien) (77) Lòt moun (88) PK/PR (99) Inap (Li pat vote)					<b>HAIVB3</b>

<b>VB50. [Pou tout moun]</b> Jeneralman, gason yo pi bon lidè politik ke fanm yo. Eske ou ta di ke ou dakò nèt, dakò, pa dakò oswa pa dakò menm ak lide sa ? (1) Dakò nèt (2) Dakò (3) Pa dakò (4) Pa dakò menm (8) PK/PR					<b>VB50</b>
--	--	--	--	--	-------------

<b>VB10.</b> Kounye a la, eske w genyen panchan pou yon pati politik? (1) Wi [ <b>Kontinye</b> ] (2) Non [ <b>Ale nan POL1</b> ] (8) PK [ <b>Ale nan POL1</b> ]	<b>VB10</b>	
<b>VB11.</b> Pou ki pati politik ou genyen panchan ? [ <b>Pa li list la</b> ]. (2201) Fwon Lespwa (2202) RDNP (2203) Respè (2204) Union Nationale Chrétienne pour la Reconstruction d'Haïti (2205) Mouvement Chrétien pour Batir une Nouvelle Haïti (2206) Fusion des Sociaux-Démocrates Haïtienne (2207) Oganizasyon Pèp Kap Lité (2208) Alyans/Alliance Démocratique (2209) FRN (2210) Mouvement Indépendant pour la Réconciliation Nationale (2211) Lavalas (77) Lòt pati (88) Pa konnen[ <b>Ale nan POL1</b> ] (99) INAP[ <b>Ale nan POL1</b> ]	<b>HAIVB11</b>	
<b>VB12.</b> Eske w ka di ke panchan ou genyen pou pati sa a [ <b>Pati li te di nan VB11</b> ] li fèb anpil, li fèb, li ni fèb ni fò, li fò, li fò anpil? (1) Li fèb anpil      (2) Li fèb      (3) Li pa ni fèb ni fò      (4) Li fò      (5) Li fò anpil (8) PK/PR (9) INAP	<b>VB12</b>	
<b>POL1.</b> Nan ki nivo ou enterese nan politik: Anpil, yon ti jan, pa anpil oswa pa di tou? (1) Anpil (2) Yon ti jan (3) Pa anpil (4) Pa di tou (8) PK/PR	<b>POL1</b>	
<b>POL2.</b> Ki lè ou pale politik avèk lòt moun? [ <b>Li repons yo</b> ] (1) Chak jou      (2) Kèk fwa pa sèmen      (3) Kèk fwa pa mwa      (4) Pa tèlman (5) Pa di tou      (8) PK/PR	<b>POL2</b>	
Kounye a, an nou pale de lòt bagay. Pafwa, eske ou te santi yo meprize ou poutèt aparans fisik ou oswa jan ou pale nan kote sa yo . Ki kote bagay sa yo te rive w ?		
<b>DIS2.</b> Nan biwo gouvènman (tribinal, lakomin, Ministè) (1) Wi      (2) Non      (8) PK/PR	<b>DIS2</b>	
<b>DIS3.</b> Nan entrepriz oswa biznis, lè ou te ale chèche travay (1) Wi      (2) Non      (8) PK/PR (9) Inap (pat chèche travay)	<b>DIS3</b>	
<b>DIS4</b> Nan reyinyon oswa aktivite sosyal (1) Wi      (2) Non      (8) PK/PR	<b>DIS4</b>	
<b>DIS5.</b> Nan plas piblik (tankou lari, mache, makèt) (1) Wi      (2) Non      (8) PK/PR	<b>DIS5</b>	
<b>HAIPOLIS.</b> Eske ou ka ke lapolis pou kont li kapab bay sekirite nan peyi a oswa fòl genyen yon lòt fòs nan peyi a? [ <b>Li repons yo</b> ] (1) Lapolis pou kont li kapab bay sekirite (2) Fòk genyen yon lòt fòs (8) PK/PR	<b>HAIPOLIS</b>	
<b>HAIDEM30.</b> Jeneralman, nan ki nivo ou ka di ke sistèm demokratik peyi d Ayiti a kapab fè lavi moun vinn miyò ? [ <b>Li repons yo</b> ] (1) Li kapab fè sa anpil      (2) li kapab fè sa      (3) li pa tèlman kapab fè sa (4) Li pa kapab fè sa di tou      (8) PK/PR	<b>HAIDEM30</b>	

Pou nou fini, mwen pral mande kèk keksyon pou rezon estatistik...

**ED.** Ki dènye klas ou te gen chans fè lekòl?

lane \_\_\_\_\_ (Primè, segondè, inivèsite) = \_\_\_\_\_ total lane [ **Itilize tab anba pou ekri kòd la** ]

00. Ankenn nivo		
Primè	Segondè	Inivèsite
01 Preskolè	08 Sizyèm / 7 A.F.	15 Inivèsite 1
02 Preparatwa 1 / 1 A.F.	09 Senkyèm / 8 A.F.	16 Inivèsite 2
03 Preparawa 2 / 2 A.F.	10 Katryèm / 9 A.F.	17 Inivèsite 3
04 Elemanè 1 / 3 A.F.	11 Twazyèm	<b>18+ (plis ke 4 lane)</b>
05 Elemanè 2 / 4 A.F.	12 Segonn	
06 Mwayen 1 / 5 A.F.	13 Reto	
07 Mwayen 2 / 6 A.F.	14 Filo	
<b>Pa konnen/Pa reponn</b>		

**Q2.** Ki laj ou te genyen jou dènye dat anivèsè-w? \_\_\_\_\_ lane **Q2**

**Q3.** Ki relijyon w? **[Pa li repons yo]** **Q3**

(1) Katolik  
 (2) Pwotestan tradisyonè, pwotestan ki pa evanjelik (Advantis, Batis, kalvinis, lame di sali, episkopal, Literyen, Metodis, Nazareyen, Presbyteryen).  
 (3) Lòt relijyon ki pa kreyen (Jwif, Mizilman, Boudis, Relijyon endou)  
 (5) Evangelik ak Pannkotis (Pannkotis, Karismatik ki pa katolik, Lumières du monde, Corps de Christ).  
 (6) Mòmou, Temwen Jova, epi Advantis Setyèm Jou  
 (7) Relijyon tradisyonèl ak natif natal (kandonblé, Vodouyizan, Rasta, Relijyon Maya yo).  
 (4) Okenn  
 (8) PK/PR

**Q5A.** Chak ki lè ou ale nan yon sèvis religye? **[Li repons yo]** **Q5A**

(1) Pi plis pase yon fwa pa semèn  
 (2) Yon fwa pa semèn  
 (3) Yon fwa pa mwa  
 (4) Yon oswa de fwa pa lane  
 (5) Pa janm fè sa/yon lè konsa  
 (8) PK/PR

**[Montre list Kat E]** **Q10**

**Q10.** An tou, konbyen kòb moun lakay ou fè pa mwa, lè ou konte transfè lajan fanmi nan peyi letranje voye fè kado ak lajan tout moun k-ap travay nan kay la?

(0) Ankenn revni  
 (1) Pas plis ke 2,000 goud  
 (2) 2,001- 3,000 goud  
 (3) 3,001-5,000 goud  
 (4) 5,001-8,000 goud  
 (5) 8,001-13,000 goud  
 (6) 13,001-20,000 goud  
 (7) 20,001- 30,000 goud  
 (8) 30,001-50,000 goud  
 (9) 50,000- 80,000 goud  
 (10) Plis pase 80,000 goud  
 (88) PK/PR

**Pran kat E**

**Q10A.** Eske fanmi w resevwa transfè lajan ki sòti nan peyi letranje? **Q10A**

(1) Wi (2) Non **[Ale nan Q10c]** (8) PK/PR **[Ale nan Q10c]**

<b>Q10A1. [Pou moun ki resevwa transfè lajan sèlman]</b> Nan kisa ou te depanse lajan tranfè ki sòti nan peyi letranje? <b>[Pa li repons yo]</b> (1) Konsomasyon (manje, rad) (2) Kay (Fè kay, repare kay) (3) Depans nan ledikasyon (4) Kominote (repare lekòl, fè legliz, fè fèt kominotè) (5) Depans nan lasante (6) Epay(sere lajan)/investiman (7) Lòt bagay (8) PK/PR (9) INAP	<b>Q10a1</b>	
<b>Q10B. [Pou moun ki resevwa transfè lajan sèlman]</b> Nan ki nivo nou depann sou transfè lajan fanmi nan peyi letranje? <b>[Li repons yo]</b> (1) Anpil (2) On ti jan (3) Pa anpil (4) Pa di tou (8) PK/PR (9) INAP	<b>Q10B</b>	
<b>Q10C. [Pou tout moun]</b> Eske ou genyen moun nan fanmi w ki te viv nan kay la anvan sa k-ap viv kounye a nan peyi letranje? <b>[Si li di wi, mande ki bò; Pa li repons yo]</b> (1) Wi, nan peyi Letazini sèlman (2) Wi, nan peyi Letazini ak nan lòt peyi (3) Wi, Nan lòt peyi (Pa letazini) (4) Non <b>[Ale nan Q14]</b> (8) PK/PR <b>[Ale nan Q14]</b>	<b>Q10C</b>	
<b>Q16. [Sèlman pou moun ki di “ WI” nan keksyon Q10C]</b> Chak ki lè ou pale ak moun sa yo? <b>[Li repons yo]</b> (1) Chak jou (2) Yon oswa de fwa pa semèn (3) Yon oswa de fwa pa mwa (4) Yon lè konsa (5) Pa janm fè sa (8) PK/PR (9) INAP	<b>Q16</b>	
<b>Q14. [Pou tout moun]</b> Eske w genyen lide ale viv osinon travay nan peyi letranje nan twa lane k-ap vini yo? (1) Wi (2) Non (8) PK/PR	<b>Q14</b>	
<b>Q10D. [Pou tout moun]</b> Lajan yo peye nan travay la ak lajan tout moun nan kay la resevwa, eske: <b>[Li repons yo]</b> (1) Li kont pou nou viv, nou genyen lajan sere (2) Li kont pou nou viv, nou pa genyen lajan sere (3) Li pa kont, nou genyen pwoblèm (4) Li pa kont, nou genyen anpil pwoblèm/nou pa ka manje (8) <b>[Pa Li]</b> PK/PR		
<b>Q11.</b> Ki kondisyon matrimonyal ou? Eske w : <b>[Li repons yo]</b> (1) Selibatè (2) Marye (3) Plase (4) Divòse (5) Kite apre maryaj/plasaj (6) Mari/madanm mouri (8) PK/PR	<b>Q11</b>	
<b>Q12.</b> Konbyen pitit ou genyen? _____ (00= Okenn→ Ale nan HAIJEN1) PK.....88.	<b>Q12</b>	____ ____
<b>Q12A. [Si li gen timoun]</b> Konbyen nan timoun sa yo k-ap viv nan kay la nan moman sa a? _____ 00 = Okenn, 99 INAP (pa gen timoun)	<b>Q12A</b>	____ ____

<b>HAIJEN1.</b> Eske gen moun kap viv nan kay la ki genyen soti 18 rive 24 lane ? (1) Wi (2) Non <b>[Ale nan ETID]</b> (8) PK <b>[Ale nan ETID]</b>	<b>HAIJEN1</b>	
<b>HAIJEN2.</b> Konbyen moun? (1) 1 (3) 3 (5) 5 (7) 7 oswa plis pase 7 (2) 2 (4) 4 (6) 6 (9) Inap	<b>HAIJEN2</b>	

<b>HAIJEN3.</b> konbyen nan moun sa yo ki te resevwa lajan pou yon travay nan dènye 2 semenn ki sot pase yo?	<b>HAIJEN3</b>
(1) 1 (3) 3 (5) 5 (7) 7 oswa plis pase 7	
(2) 2 (4) 4 (6) 6 (9) Inap	

<b>ETID.</b> Eske w ka di ke w se: Nwa, milat oswa blan?	<b>HAIETID</b>
(1) Blan (4) Nwa (5) Milat (7) Lòt (8) PK/PR	

<b>HAIETIDA.</b> Eske w ka di ke manman w se yon moun: Nwa, milat oswa blan?	<b>HAIETIDA</b>
(1) Blan (4) Nwa (5) Milat (7) Lòt (8) PK/PR	

<b>LENG1.</b> Ki lang moun nan kay la plis pale yon ak lòt depi lè ou te timoun? <b>[Ekri yon sèl repons]</b>	<b>HAI LENG1</b>
(2201) Kreyòl (2202) Franse (2203) Panyòl (2204) Angle (2205) Lòt (8) PK/PR	

<b>WWW1.</b> Ann pale de lòt bagay, chak ki lè ou itilize entènèt? <b>[Li repons yo]</b>	<b>WWW1</b>
(1) Chak jou oswa prèske chak jou (2) Omwens yon fwa pa semen (3) Omwens yon fwa pa mwa (4) Yon lè konsa (5) Pa janm fè sa (8) PK/PR <b>[Pa li]</b>	

Pou nou fini, eske ou genyen aparèy oswa bagay sa yo lakay ou a: **(Li repons yo)**

<b>R1.</b> Televizyon	(0) Non	(1) Wi	<b>R1</b>
<b>R3.</b> Frijidè (Refrijeratè)	(0) Non	(1) Wi	<b>R3</b>
<b>R4.</b> Telefòn òdinè (Teleco)	(0) Non	(1) Wi	<b>R4</b>
<b>R4A.</b> Telefòn potab, selilè	(0) Non	(1) Wi	<b>R4A</b>
<b>R5.</b> Machin oswa kamyon	(0) Non	(1) Yon (2) De (3) Twa oswa plis pase twa	<b>R5</b>
<b>R6.</b> Machin pou lave rad	(0) Non	(1) Wi	<b>R6</b>
<b>R7.</b> Fou (micro-onde)	(0) Non	(1) Wi	<b>R7</b>
<b>R8.</b> Motosiklèt	(0) Non	(1) Wi	<b>R8</b>
<b>R12.</b> Dlo potab (tiyo) anndan kay la	(0) Non	(1) Wi	<b>R12</b>
<b>R14.</b> Douch anndan kay la	(0) Non	(1) Wi	<b>R14</b>
<b>R15.</b> Òdinatè	(0) Non	(1) Wi	<b>R15</b>

<b>OCUP4A.</b> Aktyèlman, kisa ou ap fè? <b>[Li repons yo]</b>	<b>OCUP4</b>
1. W ap travay? <b>[Kontinye]</b> 2. Ou pap travay men ou te gen yon travay? <b>[Kontinye]</b> 3. W ap chèche travay tankou mèt janjak? <b>[Fini]</b> 4. W ap etidye? <b>[Fini]</b> 5. W ap okipe kay la sèlman? <b>[Fini]</b> 6. Ou se retirete, pansyonè, enkapasite pèmanan pou travay (pa nan eta pou li travay)? <b>[Fini]</b> 7. Ou pap travay epi ou pap chèche travay? <b>[Fini]</b> 8. PK/PR	

<b>OCUP1.</b> ζNan travay la, ki pòs ou okipe? <b>[Pa li repons yo]</b>	<b>OCUP1</b>	
(1) Pwofesyonèl entelektiyèl ak syantifik (avoka, pwofesè inivèsite, doktè, Kontab, achitèk, enjenyè, etc.) (2) Direktè (administratè, chef departman, sipèvizè) (3) Teknisyen oswa pwofesyonèl nan nivo mwayen (teknisyen nan kompitè, pwofesè primè ak		



segondè, atis, spòtif, etc.) (4) Travayè kalifye (operatè machine, bòs mason, mekanisyen, chapantye, elektrisyen, etc.) (5) Fonksyonè leta (manb pouvwa legislatif, egzekitif ak jidisyè ak pèsonèl administrasyon piblik) (6) Amplwaye nan biwo (sekretè, operatè machine nan biwo, kesye, travayè nan depatman Sèvis Kliyan, etc.) (7) Komèsan (machann nan lari, proprietè biznis ak magazen komèsyal etc.) (8) Machann nan magazen ak mache (9) Amplwaye nan sektè sèvis (Travayè nan lotèl, retoran, chofè taksi, etc.) (10) Travayè agrikòl, oswa pwodiktè agrikòl ak pèch (proprietè) (11) Travayè agrikòl (travay tè pou lòt moun) (12) Travayè atizanal (13) Amplwaye domestik (14) Ouvriye (15) Manb nan lapolis oswa pèsonèl nan sèvis pwoteksyon ak sekirite (polis, ponpye, sekirite) (88) PK/PR (99) INAP		
---	--	--

<b>OCUP1A.</b> Nan travay sa, eske ou se: <b>[Li repons yo]</b> (1) Amplwaye kap touche nan biwo leta? (2) Amplwaye kap touche nan biznis prive? (3) Patwon oswa asosye nan yon biznis? (4) Travay pou tèt pa l? (5) Travay san touche nan biznis lafanmi an (8) PK/PR (9) INAP	<b>OCUP1A</b>
<b>OCUP1C.</b> Eske ou genyen yon asirans lasante ke antrepriz oswa patwon an ba w? (1) Wi (2) Non (8) PK/PR	<b>OCUP1C</b>

Lè ankèt la te fini \_\_\_\_\_ : \_\_\_\_\_

TI. Konbyen tan ankèt la te dire [minit, gade nan paj # 1] \_\_\_\_\_

**TI**   

*Se tout keksyon mwen te genyen. Mèsi anpil pou kolaborasyon w.*

Mwen deklare ke ankèt sa sa te fèt ak moun mwen di a .  
 Siyati anketè a \_\_\_\_\_ dat \_\_\_\_ / \_\_\_\_ / \_\_\_\_

Siyati sipèvisè a \_\_\_\_\_  
 Komantè:  
 \_\_\_\_\_  
 \_\_\_\_\_

Siyati moun ki antre done yo \_\_\_\_\_  
 Siyati moun ki te verifye done yo \_\_\_\_\_


# Kat # 1

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
<b>Gòch</b>					<b>Dwat</b>				


***Kat "A"***

<b>Anpil</b>	<b>7</b>
	<b>6</b>
	<b>5</b>
	<b>4</b>
	<b>3</b>
	<b>2</b>
<b>Pa di tou</b>	<b>1</b>

***kat "B"***



## ***Kat "C"***



## ***Kat E***

- (00) Ankenn revni**
- (01) Pa plis pase 2,000 goud**
- (02) 2,001- 3,000 goud**
- (03) 3,001-5,000 goud**
- (04) 5,001-8,000 goud**
- (05) 8,001-13,000 goud**
- (06) 13,001-20,000 goud**
- (07) 20,001- 30,000 goud**
- (08) 30,001-50,000 goud**
- (09) 50,000- 80,000 goud**
- (10) Plis pase 80,000 goud**